

Gid Aprantisaj Eksplorasyon

Water Gallery "Galri Dlo"

Eksplòre kijan dlo bouje e fè koneksyon a egzanp **vrè mond** lan.

ESEYE SA

Ekzibit: Pouswa laminè, Bati yon Chanèl, Vide & Eksplòre, Doub Vòtèks, Kouran Morfab

Obsève sous dlo an nan chak stasyon galeri an. Kòman dlo a chanje oubyen bouje? Eske li bouje menm jan nan chak stasyon? Kòman ke li santi lè ou mete men'w nan dlo kap koule an?

Pale de lòt kote ke ou wè dlo bouje konsa.

Envestige kòman pou chanje direksyon dlo lè ou sèvi ak **zouti** e **materyèl**. Fè koneksyon a **fenomèn ke moun fè e ki natirèl** ki chanje, dirèk, oubyen kontwòle jan ke dlo a koule

ESEYE SA

Ekzibit: Bati yon Chanèl, Kouran Morfab

Teste kijan balon an bouje nan dlo kap koule. Ak brik LEGO ak zouti bwa, eske ou kapab dirije balon oubyen chanje vitès li? Panse a sityasyon kote ou vle chanje fason oubyen direksyon dlo an. Eske ou wè kreyasyon ki natirèl oubyen ke yon moun fè ki kapab redirije dlo an?

Envestige kijan ke dlo an bouje ak balon an.

Eskperimante ak **volim** pandan ke ou eksplòre pwopriyete nan dlo an **eta likid li**.

ESEYE SA

Ekzibit: Vide & Eksplòre,

Kisa ki pase lè ou vide dlo de yon kontènè a yon lòt? Konbyen fwa pou vide de yon ti kontènè pou li ranpli yon pi gwo? Si yon kontènè gen mezi ladan'l sou kote li, eske ou kapab sèvi ak tèm sa yo pou kapab pale de obsèvasyon'w yo?

Fouye pi fon

Reflète e kominike

Eske ou te dekouvri yon bagay familye nan ekzibit sa? Kote ke ou kapab sèvi ak materyèl ke ou familye ak yo nan fason ki nouvo pou ou? Pale de sa ke ou dekouvri.

Fè koneksyon

Nan *Galri Dlo an*, ou kapab wè mouvman oubyen jan dlo an koule, chanje direksyon li, e obsève efè li nan lòt objè. Vizite *Galri Jwe nan Lè* pou eksperimente ak e obsève fenomèn similè, lè ou sèvi ak lè. Eske ou kapab flote yon boul nan yon kouran lè, menm jan Laminar lifter yo sèvi ak dlo an?

Eskplòre plis lakay ou

Envestige plis de pi lwen ke Mize Discovery. Kontinye poze kesyon, fè obsèvasyon, fè eksperimentasyon, e predi kijan y'ap soti: Pwochè fwa w'ap lave veso oubyen w'ap benyen, gade kijan dlo a bouje nan basen an. A kisa dlo a sanble lè l'ap koule nan robinèt la? Eske li chanje lè ou mete yon kiyè, fouchèt, oubyen lòt istansil ki anba dlo a kap koule nan robinèt la? Ale deyò nan lapli pou wè eske ou kapab jwenn kap koule nan twotwa oubyen lari an.

Pandan ke oumenm ak pitit ou angaje nan ekzibit ki nan Galeri Dlo an ou kapab eskplòre konsèp ki konekte ak Kourikoulòm Syans/Teknoloji/Jeni nan Massachussetts, kourikoulòm ke yo anseye spesifikman nan avan jandan d'anfan, Jaden d'anfan ak 3èm Ane a 6èm Ane.